




मानवअधिकारक संरक्षण आ प्रवर्द्धनक लेल विश्वव्यापी रूपमे कार्यरत

# एम्नेस्टी इन्टरनेसनल

एम्नेस्टी इन्टरनेसनल

*मानवअधिकारक संरक्षण आ प्रवर्द्धनक लेल विश्वव्यापी रूपमे कार्यरत*

# एम्नेस्टी इन्टरनेसनल : संक्षिप्त जानकारी

## परिचय

सन् १९६० दिस पोर्चुगलक दूटा युवककेँ स्वतन्त्रताक नामपर टोस्ट करबाक बहानामे ओहिठामक सर कारद्वारा सात वर्ष कैदक सजाय देल गेल समाचार बेलायतक स्थानीय पत्रिका प्रकाशित कएलक । ओ समाचार बेलायती वकील पीटर बेनेन्सन सेहो पढ़लनि । पढ़िकऽ ओ बहुत चिन्तित भेलथि ।

शान्तिपूर्ण तवरसँ अपन आस्था प्रकट कऽ पएबाक नैसर्गिक अधिकारक उपयोग करबाक कारण बन्दी बनाकऽ पोर्चुगीज सरकार ओहि दुनू युवापर अन्याय कएलक आ ओहि तरहेँ अन्यायमे पडलाहासभकेँ न्याय दिअएबामे मदति नहि कऽ आनो लोकद्वारा ओहि दुनू युवाकेँ बिसरा देल गेल पीटर बेनेन्सनकेँ महशूस भेलनि । फलस्वरूप पोर्चुगीज युवा एवं ओकरेसभजकाँ अन्यायमे पडल अन्य कतेको आस्थाक बन्दीसभक पक्षमे आवाज उठएबाक आह्वान करैत पीटर बेनेन्सन बेलायतसँ प्रकाशित होबऽ वला अखबार "दी अब्जर्भर" (The Observer) मे २८ मइ १९६१ क दिन "बिसराएल बन्दीसभ" (The Forgotten Prisoners) शीर्षकसँ एक लेख प्रकाशित कएलनि । ओहि लेखमे ओ लेख प्रकाशित भेलहि दिनसँ "आममाफीक लेल अनुरोध १९६१" (Appeal for Amnesty 1961)

## एम्नेस्टी इन्टरनेसनल

- मुख्य कार्यक्षेत्र मानवअधिकारक विश्वव्यापी घोषणामे उल्लिखित सभ अधिकार मानव मात्रकेँ विना कोनो भेदभाव निर्वाध रूपमे उपभोग करबाक अधिकार प्राप्तिक लेल अनुसन्धान तथा अभियान करब ।
- मानवअधिकारक लेल काज करऽ वला निष्पक्ष आ प्रजातान्त्रिक प्रक्रियासँ सञ्चालित एक अन्तर्राष्ट्रिय गैरसरकारी अभियान ।
- साधारण व्यक्तिसभसँ सञ्चालित असाधारण अभियान (Extraordinary movement by ordinary people) जाहिमे विश्वक कोनो जगहपर रहल कोनो वर्गक सर्वसाधारण कोनो जगहपर कोनो पक्षसँ होबऽ वला सभ तरहक मानवअधिकार ज्यादती आ उल्लङ्घनक विरोधमे काज करैत अछि आ मानवअधिकार शिक्षा एवं सचेतनाक लेल विविध कार्यक्रमसभक सञ्चालन करैत अछि् ।
- सन् १९७७ क नोबेल शान्ति पुरस्कार तथा सन् १९७८ क संयुक्त राष्ट्रसङ्घीय मानवअधिकार पुरस्कार सहित विश्व-चर्चित पुरस्कार आ सम्मानसभसँ विभूषित ।
- सम्प्रति संसारभरि १५० सँ बेसी देशमे ७० लाखसँ बेसी सदस्य एवं सहयोगीसभ रहल ।
- नेपालसहित ७० सँ बेसी देशमे कार्यालयसभ रहल ।
- संयुक्त राष्ट्र सङ्घ, युनेस्को, युरोपियन युनियन, अफ्रिकी युनियनसहित अन्तर्राष्ट्रिय निकायसँ परामर्शदाता (Consultative Status) क मान्यता प्राप्त ।
- अमेरिकाक न्यूयोर्कस्थित संयुक्त राष्ट्र सङ्घक कार्यालय परिसरमे एम्नेस्टी इन्टरनेसनलक सेहो UN Representative Office छैक । तहिना बेल्जियमक ब्रसेल्समे एकर European Association Office सेहो रहल छैक ।
- मानवअधिकारक क्षेत्रम कार्यरत संस्थासभमध्य विश्वक सभसँ पैघ (World's Largest) संस्थाक रूपमे जानल जाइत अछि ।

**आवरण फोटुम एम्नेस्टी इन्टरनेसनलक संस्थापक पीटर बेनेन्सन हुइट**




राष्ट्रपति डा. रामवरण यादवसँगे भेटघाट करैत एम्नेस्टी नेपालके प्रतिनिधिमण्डल । २०६५ फागुन (मार्च २००९)

नामक अभियानक शुरूआत कएल जएबाक उद्घोष कएने रहथि । ओ अभियान जखन विश्वव्यापी रूपमे ख्याति कमबऽ लागल तँ पीटर बेनेन्सन आ हुनक सहयोगीसभ अभियानकैँ संस्थागत रूपमैँ आगाँ बढ़एबाक लेल सन् १९६२ मे एम्नेस्टी इन्टरनेसनलक स्थापना होएबाक घोषणा कएलनि । बेनेन्सनक लिखल उएह लेख आ "अपील फा'र एम्नेस्टी १९६१" अभियान एम्नेस्टी इन्टरनेसनलक स्थापनाक कारक बनि गेल । ताहीसँ ओ लेख प्रकाशित भेल आ अभियान शुरू भेल दिन अर्थात् २८ मइ १९६१ कैँ एम्नेस्टी इन्टरनेसनलक स्थापना दिवस मानल जाइत अछि । तहिना अभियानक शुरूआत कएनिहार पीटर बेनेन्सन एहि संस्थाक संस्थापक छथि ।

बनएबादिस ई विशेष ध्यान देल करैत अछि । संसारभरिक मानवअधिकारक स्थितिकैँ समटिकऽ एकराद्वारा प्रकाशित कएल जाएवला वार्षिक प्रतिवेदन तथा मानवअधिकार सम्बन्धी अन्य प्रतिवेदन एवं एहिसँ व्यक्त होबऽ वला धारणा विश्वव्यापी महत्त्व रखैत अछि । स्थापनाक १६ वर्ष बितैत-बितैत सन् १९७७ मे प्रतिष्ठित नोबेल शान्ति पुरस्कार तथा सन् १९७८ मे संयुक्त राष्ट्र सङ्घीय मानवअधिकार पुरस्कारसँ एम्नेस्टी इन्टरनेसनल सम्मानित भऽ गेल । एम्नेस्टी इन्टरनेसनलकैँ संयुक्त राष्ट्र सङ्घ सहितक निकायसभसँ परामर्शदाताक मान्यता (Consultative Status) प्राप्त भेल छैक ।

अखन ई मानवअधिकारक विश्वव्यापी घोषणापत्रमे उल्लिखित सभ अधिकारसभ हरेक मानवकैँ विना कोनो भेदभाव निर्वाध उपभोगक अवसर दिअएबाक लेल विश्वव्यापी अभियान सञ्चालन करैत अछि ।

खास कऽ मानवअधिकार सम्बन्धी घटनाक अनुसन्धानात्मक काज तथा अभियानकैँ प्रभावकारी



DEN NORSKE NOBELKOMITÉ

HAR OVERENSSTEMMENDE MED
REGLENE I DET AV

ALFRED NOBEL

DEN 27. NOVEMBER 1895 OPPRETTEDE
TESTAMENTE TILDELT

Amnesty International

NOBELS FREDSPRIS FOR 1977

OSLO, 10. DESEMBER 1977

सम्प्रति संसारभरि १५० सँ बेसी देशमे एम्नेस्टीक ७० लाखसँ बेसी सदस्य आ सहयोगीसभ छथि । नेपालसहित ७० सँ बेसी देशमे एकर कार्यालय छैक । एम्नेस्टी इन्टरनेसनलकैँ मानवअधिकारक लेल अन्तर्राष्ट्रिय रूपमे काज कएनिहार विश्वहिक सभसँ पैघ संस्था (World's Largest Human Rights Movement) क रूपमे चिन्हल जाइत अछि ।

# एम्नेस्टी इन्टरनेसनलको परिदृश्य, उद्देश्य र कार्यक्षेत्र

## परिदृश्य

एम्नेस्टी इन्टरनेसनल अन्तर्राष्ट्रिय रूपमे मान्यताप्राप्त ओहन व्यक्तिसभक एक विश्वव्यापी अभियान थिक जे मानवअधिकारसभ सम्मानित आ संरक्षित होएबाक मान्यता रखैत अछि ।

मानवअधिकारक विश्वव्यापी घोषणापत्र तथा अन्तर्राष्ट्रिय दस्तावेजसभमे उल्लेख भेल समस्त मानवअधिकारसभ हरेक मानवकेँ उपभोग होबऽ वला विश्वक निर्माणहि एम्नेस्टी इन्टरनेसनलक परिदृश्य (भिजन) अछि आ एहि संस्थाक सभ अभियान एही परिदृश्यदिस उन्मुख अछि ।

## उद्देश्य

एम्नेस्टी इन्टरनेसनलक परिदृश्यकेँ साकार करबाक लेल मानवअधिकारक विश्वव्यापी घोषणापत्र तथा अन्तर्राष्ट्रिय संयन्त्रसभमे उल्लिखित अधिकारसभक गम्भीर उल्लङ्घनकेँ रोकबाक एवं समाप्त करबाक लेल अध्ययन-अनुसन्धान तथा अभियानसभ सञ्चालन करब एम्नेस्टी इन्टरनेसनलक उद्देश्य छैक ।

## कार्यक्षेत्र

स्थापनाकालमे एहि संस्थाक आस्थाक बन्दीसभक रिहाइसन किछु सीमित कार्यक्षेत्र छलैक । मुदा सम्प्रति मानवअधिकारक विश्वव्यापी घोषणापत्रमे उल्लिखित समस्त अधिकारसभक विश्वव्यापी रूपमे संरक्षण, सम्बर्द्धन तथा प्रवर्द्धनक लेल ई काज करैत अछि ।

# एम्नेस्टी इन्टरनेसनलक काज

## अनुसन्धान

कोनो देश आ भूभागमे होबऽ वला कोनो प्रकृतिक गम्भीर मानवअधिकार हननक विषयमे एम्नेस्टी इन्टरनेसनल अनुसन्धान करैत अछि । एकरा लेल अलग-अलग देश आ भूभागक अनुसन्धानक काज कएनिहार अलग-अलग अनुसन्धान टोली रहैत छैक, जे आवश्यकता मोताबिक स्थलगत भ्रमण, तथ्य सङ्कलन, सम्बन्धित पक्षसँ भेटघाट




२३ जेठ २०७४, काठमाडौंमे एक कार्यक्रममाभ एम्नेस्टी इन्टरनेसनल नेपाली आप्रवासी श्रमिकसबके ज्यादतीयुक्त भर्ना, बेचबिखन आर जबरजस्ती श्रम सम्बन्धी प्रतिवेदन सार्वजनिक करैत ।

कऽ अनुसन्धान करैत अछि । एहि तरहेँ अनुसन्धान कऽ विभिन्न देश तथा भूभागमे भेल मानवअधिकार सम्बन्धी घटना-विवरण समटिकऽ आवश्यकता अनुसार अलग-अलग प्रतिवेदनसभ प्रकाशित करैत अछि । एकर अलावा हरेक वर्ष विश्वभरिक मानवअधिकारक अवस्था समटिकऽ वार्षिक प्रतिवेदन सेहो एम्नेस्टी इन्टरनेसनल प्रकाशित करैत अछि । एम्नेस्टी इन्टरनेसनलक एहि सभ प्रतिवेदनकेँ विश्वभरि बेस महत्त्वक सङ्ग राखल जाइत अछि ।

### स्थानीय सदस्य अनुसन्धानात्मक काज नहि करैत अछि ।

कोनो देशक एम्नेस्टी इन्टरनेसनलमे आबद्ध सदस्य, समूह आ नेटवर्कसभ स्थानीय स्तरपर वा सम्बन्धित देशमे भेल मानवअधिकार हननक घटनामे एम्नेस्टी इन्टरनेसनलक दिससँ अध्ययन/अनुसन्धान करबाक, विज्ञप्ति जारी करबाक आदि अनुसन्धानात्मक काजसभ नहि कऽ सकैत अछि ।

एम्नेस्टी इन्टरनेसनलक स्थानीय सदस्यसभ वा एहिमे आबद्ध नेटवर्कसभ एम्नेस्टी इन्टरनेसनलद्वारा सञ्चालन कएल जाएवला मानवअधिकार सम्बन्धी अभियानमे योगदान पहुँचएबाक काज करैत अछि । मुदा ओकरासभकेँ एम्नेस्टी इन्टरनेसनलक प्रतिनिधित्व करैत अनुसन्धानक काज करबाक वा स्थानीय घटनासभक सम्बन्धमे एम्नेस्टी इन्टरनेसनलक दिससँ मनमानी ढङ्गसँ धारणा व्यक्त करबाक अधिकार नहि रहतैक। मानवअधिकार सम्बन्धी कोनो घटना वा विषयक सम्बन्धमे संस्थाक दिससँ अनुसन्धान कऽ संस्थागत धारणा बनएबाक काजक जिम्मेदारी प्राप्त एम्नेस्टी इन्टरनेसनलक व्यावसायिक अनुसन्धानकर्तासभ मात्र ओहन काज कऽ सकैत अछि ।

## अभियान

मानवअधिकारक सम्बन्धमे कएल गेल अनुसन्धानक आधारपर एम्नेस्टी इन्टरनेसनल अभियानसभ सञ्चालन कएल करैत अछि । एहन अभियानसभ विरोधात्मक तथा प्रवर्द्धनात्मक दुनू होइत अछि ।

- विरोधात्मक (Oppositional) कार्य अन्तर्गत कोनो राज्य, गैरराज्य वा अन्य पक्षसँ कोनो जगहपर कोनो तरहेँ कएल जाएवला मानवअधिकार उल्लङ्घन वा ज्यादतीक विरूद्ध अभियान सञ्चालन कएल जाइत अछि ।

- प्रबर्द्धनात्मक (Promotional) कार्य अन्तर्गत मानवअधिकार शिक्षा तथा सचेतनाक कार्यक्रम आ मानवअधिकारक अवस्था सुदृढ करबाक लेल देशक कानूनी संयन्त्रक विकासक लेल काज कएल जाइत अछि ।

## एम्नेस्टी इन्टरनेसनल निम्नलिखित काजसभ नहि करैत अछि

मानवअधिकारक क्षेत्रमे काज करएनिहार एहि संस्थाक नीति निर्धारण करऽ वला सर्वोच्च निकाय विश्वव्यापी सभा (Global Assembly) द्वारा तैयार कएल गेल नीति मोताबिक एम्नेस्टी इन्टरनेसनल अपन काज करैत अछि । किछु एहन विषय छैक जाहिमे एम्नेस्टी इन्टरनेसनल तटस्थ रहैत अछि । ओसभ अछि :

- एम्नेस्टी इन्टरनेसनल कोनो सरकार, राजनीतिक विचार, आर्थिक लाभ वा धर्मक समर्थन वा विरोध नहि करैत अछि ।

- कोनो व्यक्ति वा समूह, जकर अधिकार संरक्षणक लेल एम्नेस्टी इन्टरनेसनल अभियान चलबैत अछि, ओहन व्यक्ति वा समूहक आस्था, धर्म, दर्शन वा विचार वा ओकरासभक अभियानक समर्थन सेहो नहि करैत अछि आ विरोधो नहि करैत अछि । एम्नेस्टी इन्टरनेसनलक सरोकार सम्बन्धित व्यक्ति वा समूहक अधिकार हनन भेल छैक वा नहि, ततबए छैक ।




भारतीय प्रधानमन्त्री नरेन्द्र मोदीके सरकारद्वारा एम्नेस्टी इन्डिया लगायत परोपकार क्षेत्रमे भरहल दमनके विरोधमे काठमाडौं, लैनचौर-स्थित भारतीय दूतावासलङ शान्तिपूर्ण प्रदर्शन करबला क्रममे प्रहरीके हस्तक्षेप ।



वैदेशिक रोजगार स लौटल श्रमिकसबके सम्मानजनक पुनर्एकीकरण विषयमे श्रमिक तथा सरोकारवालासबसँगे भेले कार्यशाला ।




हिरासतमे रहल बङ्लादेशी फोटो पत्रकार शाहिदुल अलाम आर सात वर्ष जेल सजाय सुनाल गेल म्यानमारके पत्रकारसब वालोन आर क्येव स ऊ के शीघ्र रिहाई आर सेप्टेम्बर २०१७ मे हत्या भेल भारतीय पत्रकार गौरी लङ्केशलेल न्यायके माग करैत प्रदर्शन ।

- भूमि सम्बन्धी विवादमे धारणा व्यक्त नहि करैत अछि ।
- अपन काजक निष्पक्षता एवं स्वतन्त्रता कायम रखबाक लेल एम्नेस्टी इन्टरनेसनल मानवअधिकार उल्लङ्घन आ ज्यादतक मादे अनुसन्धान तथा अभियान चलएबाक लेल कोनो सरकार आ राजनीतिक दलसँ आर्थिक सहायता नहि लैत अछि ।
- मानवअधिकार हननक घटनासभ आ कोन पक्ष वा राष्ट्र बेसी/कम हननकर्ता अछि, तकर तुलनात्मक विश्लेषण नहि करैत अछि ।

## सङ्गठनात्मक संरचना

### विश्वव्यापी सभा (Global Assembly)

एम्नेस्टी इन्टरनेसनलक सर्वोच्च निर्णायक निकाय प्रत्येक वर्ष होबऽ वला विश्वव्यापी सभा (Global Assembly) आ क्षेत्रीय मञ्च (Regional Forum) छियैक, जाहिमे प्रत्येक देशक एम्नेस्टी शाखासभसँ प्रतिनिधि सहभागी होइत अछि । ई सभा आ मञ्च नीतिगत निर्णयसभ लेल करैत छैक । ग्लोबल असेम्ब्लीसँ किछु समय पहिने क्षेत्रीय स्तरपर एम्नेस्टी इन्टरनेसनलक शाखासभक क्षेत्रीय मञ्च होइत अछि, जतऽ एम्नेस्टी शाखासभ मानवअधिकारक क्षेत्रीय विषयसभमे विभिन्न रणनीति निर्माण करैत आछि ।




पोल्याण्डके वार्सामे २०७५ असार २२ स २४ गते तक आयोजित एम्नेस्टी इन्टरनेसनलके पहिल ग्लोबल असेम्ब्ली मानव नियुक्त महासचिव कुमी नाइडु युवासबके साथ ।

## अन्तर्राष्ट्रिय बोर्ड

विश्वब्याप सभा (Global Assembly) सँ प्रत्येक २ वर्षमे अन्तर्राष्ट्रिय बोर्ड (International Board– IB) क चयन कएल जाइत छैक, जाहिमे १ कोषाध्यक्ष आ ८ सदस्य कऽ कुल ९ गोटे चुनल जाइत अछि । बोर्ड अपनामेसँ एक गोटेकेँ अध्यक्ष नियुक्त करैत अछि । बोर्डक पदाधिकारीसभ स्वयंसेवी रूपमे काज करैत छथि । बोर्डक काज विश्वव्यापी सभा (Global Assembly) क निर्णयसभक कार्यान्वयन करब आ अन्तर्राष्ट्रिय सचिवालयक काजक सुपरीवेक्षण करब छियैक ।

## अन्तर्राष्ट्रिय सचिवालय

एम्नेस्टी इन्टरनेसनलक सम्पूर्ण काजक सञ्चालन अन्तर्राष्ट्रिय सचिवालय (International Secretariat-IS) सँ होइत छैक, जे बेलायतक लण्डनमे अवस्थित अछि । अन्तर्राष्ट्रिय बोर्ड एक महासचिवक नियुक्ति करैत अछि, जकर काज एम्नेस्टी इन्टरनेसनलक गतिविधि सञ्चालन करब एवं ग्लोबल असेम्ब्लीसँ पारित निर्णयसभक कार्यान्वयन करब छियैक । अन्तर्राष्ट्रिय सचिवालय अन्तर्गत अलग-अलग विभाग अछि आ विश्वभरिमे सम्प्रति १५ जगहपर रहल सातटा क्षेत्रीय कार्यालय, लण्डनक अतिरिक्त अन्य चारिठाम अन्तर्राष्ट्रिय सचिवालयक शाखा कार्यालय आ सातटा राष्ट्रिय कार्यालय छैक ।

## अनेक देशमे कार्यालयसभ

एम्नेस्टी इन्टरनेसनलक शाखा (Section) सभ विभिन्न देशमे छैक । एहन शाखासभ सम्बन्धित देशमे एम्नेस्टी इन्टरनेसनलक काजक संयोजन करैत अछि । सम्प्रति एम्नेस्टी इन्टरनेसनलक नेपालसिहत ६२ टा राष्ट्रिय शाखा आ संरचना (Sections and Structures) छैक ।

## स्थानीय समूह आ नेटवर्क

एम्नेस्टी इन्टरनेसनलक मानवअधिकार सम्बन्धी अभियानमे स्वयंसेवी हिसाबसँ योगदान देबऽ लेल इच्छुक व्यक्तिसभ एम्नेस्टी इन्टरनेसनलक सदस्यता लऽ स्थानीय स्तरपर नेटवर्क वा समूहसभक गठन करैत छथि । एहि तरहेँ एम्नेस्टी इन्टरनेसनलमे आबद्धता लेनिहार समूह वा नेटवर्क एम्नेस्टी इन्टरनेसनलद्वारा सञ्चालित मानवअधिकार सम्बन्धी अभियानक दायरा भीतर रहिकऽ अपनहि आर्थिक स्रोतक प्रयोग कऽ विभिन्न गतिविधि करैत छथि । तहिना स्थानीय सदस्य आ समूहसभ सम्बन्धित देशमे रहल एम्नेस्टी इन्टरनेसनलक कार्यालयक खर्च चलएबाक लेल आर्थिक योगदान सेहो कएल करैत अछि ।

## सदस्यता

एम्नेस्टी इन्टरनेसनलक नीति स्वीकार कएनिहार कोनो व्यक्ति स्थानीय नेटवर्क वा समूहमार्फत वा सीधे एम्नेस्टी इन्टरनेसनलक राष्ट्रिय सचिवालयसँ सदस्य (Member) बनि सकैत अछि । स्थानीय नेटवर्क वा समूह वा राष्ट्रिय सचिवालय नहि भेल देशम सोझे अन्तर्राष्ट्रिय सचिवालयसँ सदस्यता लेल जा सकैत छैक । एम्नेस्टी इन्टरनेसनलक सदस्यताक लेल निर्धारित शुल्क देबऽ पड़ैत छैक ।

## आर्थिक स्रोत

एहि संस्थाक सदस्य आ समर्थकसभसँ प्राप्त होबऽ वला शुल्क, अर्थ सङ्कलनक विभिन्न कार्यक्रमसँ प्राप्त होबऽ वला रकम तथा विभिन्न देशमे रहल राष्ट्रिय शाखासभसँ प्रत्येक वर्ष अनिवार्य रूपमे प्राप्त होबऽ वला रकम एहि संस्थाक प्रमुख आर्थिक स्रोत छियैक । एम्नेस्टी इन्टरनेसनल स्वतन्त्रता आ निष्पक्षता कायम रखबाक लेल अभियान सञ्चालन आ अनुसन्धान लेल कोनो सरकार वा राजनीतिक दलसँ आर्थिक सहयोग ग्रहण नइ करैत अछि । (मुदा मानवअधिकार शिक्षाक कार्यक्रमसभ सञ्चालन करबाक लेल पछिला वर्षसभमे आबिकऽ निश्चित प्रक्रिया पूरा कऽ निश्चित रकम लेल जा सकबाक व्यवस्था कएल गेल छैक)

# एम्नेस्टी इन्टरनेसनल नेपाल



नुतन थपलिया

नेपालमे सन् १९६९ मे कानुन व्यवसायी नूतन थपलिया पहिल बेर एम्नेस्टी इन्टरनेसनलक स्थापना कएलनि । ओकर किछु साल बाद एम्नेस्टी इन्टरनेसनलक अन्तर्राष्ट्रिय कार्यसमिति एकरा सन् १९७१ मे एम्नेस्टी इन्टरनेसनलक "नेपाल शाखा" (Nepal Section) क मान्यता प्रदान कएलक आ संस्थाक पहिल अध्यक्ष हृषिकेश शाह भेलाह । मुदा तत्कालीन शासन व्यवस्था आ परिस्थितिक कारण सन् १९८२ क बाद अन्तर्राष्ट्रिय कार्यसमिति एम्नेस्टी इन्टरनेसनलक "नेपाल शाखा" (Nepal Section) क मान्यता खारिज कऽ देलक । "नेपाल शाखा" (Nepal Section) क मान्यता खारिज भेलाक बाद वर्षसभमे सेहो विभिन्न बुद्धिजीवी तथा मानवअधिकार अभियन्तासभक सोझे एम्नेस्टी इन्टरनेसनलक अन्तर्राष्ट्रिय सचिवालयसँ सदस्यता लेबाक, एम्नेस्टी इन्टरनेसनल समूहसभ गठन करबाक एवं एम्नेस्टी इन्टरनेसनलसँ सञ्चालन होबऽ वला विश्वव्यापी अभियानमे सहभागी होएबाक क्रम निरन्तर छलैक । सन् १९९० मे नेपालमे एम्नेस्टी इन्टरनेसनलक राष्ट्रिय कार्यालय स्थापना होएबासँ पूर्व गठन भेल आ एखनधरि कार्यरत एम्नेस्टी इन्टरनेसनल समूहसभमध्य काठमाण्डूस्थित समूह-३ आ समूह-१८, इटहरीस्थित समूह-६, विराटनगरस्थित समूह-४१ आदि छैक । वि.सं. २०४६ (सन् १९९०) क जनआन्दोलनक सफलता एवं प्रजातन्त्रक पुनर्स्थापनाक पश्चात नेपालमे एम्नेस्टी इन्टर नेसनलक राष्ट्रिय कार्यालय गठनक प्रयास भेलैक । वि.सं. २०४७ (सन् १९९०) मे एम्नेस्टी इन्टरनेसनल अन्तर्राष्ट्रिय सचिवालयक पहलमे एक समन्वयात्मक संरचना (Coordinating Structure) गठन भेलैक, जकर पहिल संयोजक चित्र निरौला छलाह । तकरा बाद सन् १९९३ मे ओ Coordinating Structure कँ अन्तर्राष्ट्रिय कार्यसमिति एम्नेस्टी इन्टरनेसनलक "नेपाल शाखा" (Nepal Section) क मान्यता प्रदान कएलक । एम्नेस्टी इन्टरनेसनल नेपालकँ नेपालमे कार्यरत संस्थासभमध्य एक अग्रणी मानवअधिकार संस्थाक रूपमे जानल जाइत अछि ।




पाल्पामे आयोजित १३औं युथ मेलामे सहभागी एम्नेस्टी नेपालके युवा सदस्य प्रतिनिधीसब ।




मुक्तिनाथ अधिकारी स्मृतिदिवस २०१८ मे केलगेल संक्रमणकालीन न्याय सम्बन्धी कार्यक्रममे एम्नेस्टी नेपालके अध्यक्ष बिक्रम ढुकुछुद्वारा सम्बोधन ।




नारी दिवसमे मानव अधिकार क्षेत्रमे क्रियाशील महिला मानव अधिकार रक्षकसबके सम्मान ।

## उद्देश्य

एम्नेस्टी इन्टरनेसनलक अन्तर्राष्ट्रिय संरचनाक एक अङ्ग भेलाक कारण एम्नेस्टी इन्टरनेसनल नेपालक परिदृश्य, उद्देश्य आ मूल आदर्श सेहो स्वाभाविक तवरसँ एम्नेस्टी इन्टरनेसनलक अन्तर्राष्ट्रिय परिदृश्य, उद्देश्य आ मूल आदर्श मोताबिके रहल छैक ।

एम्नेस्टी इन्टरनेसनलद्वारा सञ्चालित अभियानसभ अन्तर्राष्ट्रिय प्रकृतिक होएबाक कारण ओहन अभियानमे विश्वक विभिन्न देशसँ काज आगाँ बढ़एबाक हिसाबेँ विभिन्न देशमे ई संरचना विस्तार कएने रहैत छैक, जाहिमेसँ एम्नेस्टी इन्टरनेसनल नेपाल सेहो एक छियैक । आने संरचनासभजकाँ संसारक कोनो कोनामे होबऽ वला मानवअधिकार उल्लङ्घन आ ज्यादतीक घटनामे एम्नेस्टी इन्टरनेसनलद्वारा सञ्चालित अभियानमे सहभागी हएब आ अपना मातहतक सदस्यसभकेँ परिचालन करब एम्नेस्टी इन्टरनेसनल नेपालक प्राथमिक काज छियैक ।

## एम्नेस्टी इन्टरनेसनल नेपाल वर्तमानमे

एम्नेस्टी इन्टरनेसनल नेपालक वर्तमान अवस्थाधरि विभिन्न ३८ जिल्लामे ७८ सँ बेसी स्थानीय समूह आ ४५ सँ बेसी यूथ नेटवर्क छैक । एहि संस्थामे सम्प्रति (डिसेम्बर २०१९) देशभरि करीब ८,००० सदस्य छैक । ओ सदस्य आ एहि संस्थामे आबद्ध स्थानीय समूह तथा नेटवर्कसभ एम्नेस्टी इन्टरनेसनल नेपालक प्राथमिकतामे रहल अभियानसभकेँ स्थानीयकरण (Localization) करैत विभिन्न कार्यक्रमसभक सञ्चालन कऽ रहल अछि ।




२३ मङ्सिर २०७४, ६९औं अन्तर्राष्ट्रिय मानवअधिकार दिवसके सन्दर्भमे एम्नेस्टी इन्टरनेसनल नेपालद्वारा सञ्चालन केलगेल मानव अधिकार सूचना तथा एक्सन डेस्कके राष्ट्रपति विद्यादेवी भण्डारीद्वारा अवलोकन होइत ।




एम्नेस्टी इन्टरनेसनलके ५८औं स्थापनादिवस २८ मे के सन्दर्भमे आयोजित"नेपालमे नागरिक आर आधारभूत स्वतन्त्रताके वर्तमान अवस्था" (Current State of Civil Liberties and Fundamental Freedoms in Nepal) शीर्षकमे प्यानल छलफल ।

## एम्नेस्टी इन्टरनेसनल नेपालके सङ्गठनात्मक संरचना

### वार्षिक साधारणसभा

एम्नेस्टी इन्टरनेसनल नेपालक नीतिगत निर्णय करऽ वला सर्वोच्च निकाय वार्षिक साधारणसभा छियैक । एहिमे नेपालभरि रहल समूह एवं निर्माणाधीन समूहक प्रतिनिधिसभक सहभागिता रहैत छैक । साधारणसभा प्रत्येक वर्ष होइत छैक ।

### नेसनल बोर्ड

साधारणसभाक अन्तरालमे कएल जाएवला नीतिगत काजक लेल एम्नेस्टी इन्टरनेसनल नेपालक साधारणसभासँ ११ सदस्यीय नेशनल बोर्ड चयन कएल जाइत अछि । दू सालक कार्यकाल रहऽ वला एहि बोर्डमे अध्यक्ष, उपाध्यक्ष, महासचिव,




२४ भदौ २०७३, एम्नेस्टी इन्टरनेसनल नेपालके २५औं वार्षिक साधारणसभाके उद्घाटनमे मन्तव्य तथा शुभकामना दैत पूर्व राष्ट्रपति डा. रामवरण यादव ।

उपमहासचिव, कोषाध्यक्ष, महिला सदस्य, यूथ नेटवर्क सदस्य एवं सदस्यसभ रहैत छैक । नेशनल बोर्डक सभ पदाधिकारी स्वयंसेवी तवरसँ काज करैत छथि ।

## राष्ट्रिय सचिवालय

एम्नेस्टी इन्टरनेसनल नेपालक नीति तथा कार्यक्रमसभ कार्यान्वयन करबाक लेल विभिन्न विभागसभ रहल एकटा राष्ट्रिय सचिवालय छैक । सचिवालयक प्रमुख एक निर्देशक रहैत छथि । राष्ट्रिय सचिवालय एम्नेस्टी इन्टरनेसनलक अन्तर्राष्ट्रिय नीति तथा एम्नेस्टी इन्टरनेसनल




नेपालक वार्षिक साधारणसभाक निर्णय मोताबिक गतिविधि सञ्चालन करैत अछि । ई एम्नेस्टी इन्टरनेसनलक अन्तर्राष्ट्रिय सचिवालय तथा क्षेत्रीय कार्यालयसभक संगहि विभिन्नि देशक शाखासभसँ समन्वयक काज सेहो करैत अछि ।

## स्थानीय समूह तथा यूथ नेटवर्कसभ

एम्नेस्टी इन्टरनेसनलक स्थानीय संरचनाक रूपमे नेपालक विभिन्न स्थानपर निर्माणाधीन समूह (Group in formation), समूह (Group) तथा यूथ नेटवर्क (Youth Network) कऽ ३ तरहक स्थानीय निकायसभ (Local Entities) रहैत अछि । एम्नेस्टी इन्टरनेसनल नेपाल अन्तर्गतक "समूह" क मान्यता पएबासँ पहिने "निर्माणाधीन समूह" क रूपमे काज करबाक प्रावधान रहल अछि ।

निर्माणाधीन समूहक आबद्धताक मान्यता प्राप्त करबाक लेल एम्नेस्टी इन्टरनेसनलक सदस्यता प्राप्त कमसँ कम ५० गोटेक दिससँ निवेदन देबऽ पड़ैत छैक । तहिना यूथ नेटवर्कक आबद्धता लेबाक लेल एम्नेस्टी नेपालक यूथ नेटवर्कक सदस्यता प्राप्त कमसँ कम ५० गोटेक दिससँ एम्नेस्टी इन्टरनेसनल नेपालमे निवेदन देबऽ पड़ैत छैक ।

## सदस्य

संस्थाक विधान आ उद्देश्यसभक पालन करैत एम्नेस्टी इन्टरनेसनलक अभियानमे सहयोग पहुँचाबऽ चाहनिहार व्यक्तिकँ आस्था, धर्म, वर्ण, लिङ्ग, उत्पत्ति तथा भाषा आदिक आधारपर विना कोनो भेदभाव एम्नेस्टी इन्टरनेसनलक सदस्यता प्राप्त होइत छैक ।

एम्नेस्टी इन्टरनेसनल नेपाल निम्न मोताबिक तीन तरहक सदस्यता प्रदान करैत अछि । ओहि सदस्यताक अवधि दू वर्षक होइत छैक, जकरा सदस्यताक अवधि समाप्त होएबासँ पहिने सहजहिँ नवीकरण कएल जा सकैत छैक ।

### (क) समूहगत सदस्य

नेपालक विभिन्न स्थानमे रहल एम्नेस्टी इन्टरनेसनल नेपालमे आबद्ध स्थानीय समूह वा निर्माणाधीन समूहक सफारिसपर समूहगत सदस्यता प्राप्त कएल जा सकैत छैक । समूहगत साधारण सदस्यक सम्बन्धित एम्नेस्टी इन्टरनेसनल समूहमे आ सम्बन्धित समूहमार्फत एम्नेस्टी इन्टरनेसनल नेपालक निर्णय-प्रक्रियामे सहभागिता रहैत छैक ।

#### समूहगत सदस्यता प्राप्त करबाक विधि

एम्नेस्टी इन्टरनेसनल नेपालमे आबद्ध समूह अन्तर्गत सदस्य बनऽ चाहनिहारसभ अपन लगमे

रहल एम्नेस्टी इन्टरनेसनल समूहक सिफारिसमे सदस्यता लऽ सकैत छथि । एकरा लेल सदस्यता फारम भरिकऽ निर्धारित शुल्कसहित सम्बन्धित समूहमे बुझौलाक बाद सम्बन्धित समूह राष्ट्रिय सचिवालयमे पठबैत छैक आ राष्ट्रिय सचिवालय सदस्यता प्रदान करैत छैक ।

### (ख) यूथ नेटवर्क सदस्यता

संस्थाक विधान आ उद्देश्यसभक पालना कएनिहार तथा एम्नेस्टी इन्टरनेसनल नेपालक निर्णय प्रक्रियामे सहभागी होबऽ चाहनिहार १४ सँ २५ वर्षधरिक व्यक्तिकेँ यूथ नेटवर्क सदस्यता प्रदान कएल जाइत छैक ।

#### यूथ नेटवर्क सदस्यता प्राप्त गर्ने विधि

एम्नेस्टी इन्टरनेसनल नेपालमे आबद्ध यूथ नेटवर्क अन्तर्गत सदस्य बननिहारसभ अपन लगमे रहल एम्नेस्टी इन्टरनेसनल यूथ नेटवर्कक सिफारिसमे सदस्यता लऽ सकैत छथि । एकरा लेल सदस्यता फाराम भरिकऽ निर्धारित शुल्कसहित सम्बन्धित यूथ नेटवर्कमे बुझौलाक बाद सम्बन्धित नेटवर्क राष्ट्रिय सचिवालयमे पठबैत छैक आ राष्ट्रिय सचिवालय सदस्यता प्रदान करैत छैक ।

## आर्थिक स्रोत (रूप्पेक डगर)

अन्तर्राष्ट्रिय कार्यालयहस एम्नेस्टी इन्टरनेसनल नेपालके फे आर्थिक स्रोत (रूप्पेक डगर) याकर सदस्य, दाता व शुभचिन्तक हुँकनसे पाजैना आर्थिक सहयोग जो हो । याकर अलावा ब्यालब्यालम चलैना रूप्या सँगर्ना कार्यक्रमनसे पाजैना रूप्या एम्नेस्टी इन्टरनेसनल नेपालके आकु आर्थिक स्रोत हो । ओस्टहेक अभियान व कार्यालय चलाइक् लाग कुछु रूप्या एम्नेस्टी इन्टरनेसनलके अन्तर्राष्ट्रिय सचिवालयमसे पैटी आइल बा ।

### (ग) समर्थक सदस्य

संस्थाक विधान आ उद्देश्यसभक पालन करैत संस्थाक अभियानमे सहयोग पहुँचाबऽ चाहनिहार मुदा निर्णय प्रक्रियामे सहभागी होबऽ नहि चाहनिहार १६ वर्ष आ ओहिसँ बेसी उमेरक नागरिक एम्नेस्टी इन्टरनेसनल नेपालक समर्थक सदस्यता प्राप्त कऽ सकैत छथि ।

#### समर्थक सदस्यता प्राप्त करबाक विधि

समर्थक सदस्यता प्राप्त करबाक लेल निर्धारित सदस्यता फारम भरि शुल्कसहित एम्नेस्टी इन्टरनेसनल नेपालक राष्ट्रिय सचिवालयमे बुझौलाक बाद त्यस्तो सदस्यता प्राप्त कएल जा सकैत छैक ।

## पुनरावेदन समिति

एम्नेस्टी इन्टरनेसनल नेपालक कोनो समूह अत्यन्त निस्क्रिय भेलापर वा समूहद्वारा कार्यक्षेत्रक उल्लङ्घन कएल गेलापर एम्नेस्टी इन्टरनेसनल नेपालक विधान, नियमावली एवं कार्यविधिमे उल्लेख भेलजकाँ सफाइक मौका देबाक तथा अन्य आवश्यक प्रक्रिया पूरा कऽ राष्ट्रिय बोर्ड समूह खारिज कऽ सकैत अछि । तहिना सदस्यसभद्वारा सेहो एम्नेस्टी इन्टरनेसनलक कार्यक्षेत्र एवं विधान विपरीत कार्य कएल गेलापर सदस्यतासँ निष्काशन कएल जा सकैत छैक । मुदा ओहि तरहेँ कएल गेल समूह विघटन वा सदस्यतासँ निष्काशन सम्बन्धी निर्णय उचित नहि लगलापर ओहन निर्णयपर पुनरावेदन सुनबाक लेल एम्नेस्टी इन्टरनेसनल नेपालमे पुनरावेदन समितिक व्यवस्था छैक । राष्ट्रिय बोर्डजकाँ पुनरावेदन समिति सेहो हरेक २-२ वर्षमे साधारणसभासँ निर्वाचित भेल करैत छैक ।



एम्नेस्टी नेपालके संस्थापक नुतन थपलियाद्वारा काठमाडौं-स्थित केन्द्रीय कारागारके पुस्तकालयके लेल पुस्तक हस्तान्तरण ।

नेपालके नयाँ खाद्यअधिकार तथा खाद्य सम्प्रभूता कानुन उपर एम्नेस्टी इन्टरनेसनलके विश्लेषणसहितके सुझावपत्र कृषि तथा पशुपन्छी विकास मन्त्री चक्रपाणी खनालके बुझाबैत ।






एम्नेस्टी इन्टरनेसनलके अन्तर्राष्ट्रिय अभियान ' हमर शरीर हमर अधिकार' (My Body My Rights) के विश्वव्यापी प्रारम्भ (Global Launch) के लेल नुवाकोटके समुन्द्रटारमे आयोजित विशेष कार्यक्रममे सो अभियान उपर प्रकाश पारैत एम्नेस्टी इन्टरनेसनलके महासचिव सलिल सेट्टी । २०७० फागुन (मार्च २०१४)

## एम्नेस्टी इन्टरनेसनल अभियान

एम्नेस्टी इन्टरनेसनल अभियानमुखी संस्था छियैक । एकराद्वारा सञ्चालित अभियानक कारण कतेको लोकक मानवअधिकार हननसँ रक्षा भेल अनेको उदाहरणसभ छैक । मानवअधिकार ज्यादती एवं उल्लङ्घन रोकबाक लेल एम्नेस्टी इन्टरनेसनल सम्बन्धित पक्षपर दबाव उत्पन्न करैत छैक तँ मानवअधिकारक विषयमे जनचेतना अभिवृद्धिक लेल सेहो काज करैत छैक ।

कोनो स्थानपर भेल गम्भीर मानवअधिकार हननक विषयमे एम्नेस्टी इन्टरनेसनल अभियान चलबैत छैक । ओहन घटना आ एम्नेस्टी इन्टरनेसनलद्वारा सञ्चालन कएल जा रहल अभियानक बारेमे अपन सदस्य आ समर्थकसभकेँ जानकारी करबैत ओहन मानवअधिकार हननक घटनामे अभियान चलएबाक अनुरोध करैत अछि । तत्पश्चात खास कऽ सदस्य आ समर्थकसभ



प्रथम पटकको मेरो लगभग दश वर्षको जेलयात्रामा मलाई छुटाउन यस संस्थाले ठूलो योगदान गरेको कुरा सम्झँदा आजपनि म हृदय देखि नतमस्तक छु।

एम्नेस्टी इन्टरनेसनलद्वारा विगतमे आस्थाकेबन्दी घोषित नेपाली कांग्रेसके संस्थापक नेता तथा भूतपूर्व प्रधानमन्त्री कृष्णप्रसाद भट्टराई



मन्त्रीपरिषद्‌के तत्कालीन अध्यक्ष खिलराज रेग्मीसँगे भेटघाट करैत
एम्नेस्टी इन्टरनेसनल नेपालके प्रतिनिधिसब । २०७० बैशाख (मे २०१३)

सम्बन्धित अधिकारीकेँ पत्र लिखबाक, प्रदर्शनसभ करबाक, भेटघाट करबाक आदि विधिसँ अभियान सञ्चालन करैत अछि । एहि तरहेँ कएल गेल अभियानक कारण गम्भीर मानवअधिकार सङ्कटमे पड़ल लोकसभकेँ ओहिसँ उन्मुक्ति भेटल कतेको उदाहरणसभ छैक ।

# एम्नेस्टी इन्टरनेसनल सदस्य, स्थानीय समूह तथा यूथ नेटवर्कसभक कामकाज

## सदस्यक कामकाज

एम्नेस्टी इन्टरनेसनल एकटा एहन संस्था छियै क जे मूलतः सदस्यसभक सक्रिय सहभागिताक आधारपर अपन लक्ष्यपर पहुँचबादिस अग्रसर अछि । एम्नेस्टी इन्टरनेसनलक सदस्यसभक किछु मुख्य कामकाज निम्नानुसारक छैक :

- एम्नेस्टी इन्टरनेसनलद्वारा सञ्चालन कएल जाएवला मानवअधिकार सम्बन्धी विभिन्न अभियानमे सहभागी हए ।
- मानवअधिकार हननक जोखिममे पड़लसभक दिससँ सम्बन्धित अधिकारीकेँ चिट्ठी लिखब ।
- एम्नेस्टी इन्टरनेसनलकेँ आर्थिक सहयोग प्रदान करब ।
- स्थानीय राजनीतिज्ञ आ सञ्चार जगतकेँ एम्नेस्टी इन्टरनेसनलक धारणाक बारेमे अवगत कराएब ।

## स्थानीय समूह तथा यूथ नेटवर्कसभक काज

एम्नेस्टी इन्टरनेसनलक सदस्यसभ अपन लग पड़ऽ वला समुदायमे खुजल समूह वा यूथ नेटवर्कसँ आबद्ध भऽ काज कऽ सकैत अछि । मूलभूत रूपमे स्थानीय समूह वा यूथ नेटवर्कद्वारा कएल जाएवला काजसभ निम्न प्रकारक अछि :

## (क) अभियानसँ सम्बन्धित कार्य

- एम्नेस्टी इन्टरनेसनल नेपालक यो जनामे आधारित विभिन्न कार्यक्रमसभ स्थानीयस्तरपर आयोजन करब ।
- एम्नेस्टी इन्टरनेसनलक विभिन्न सञ्जालसँ आबद्ध भऽ काज करब ।
- मानवअधिकार आ एम्नेस्टी इन्टर नेसनलक बारेमे जनचेतना बढ़ाएब आ सार्वजनिक कार्यक्रमसभ करबं ।

## (ख) व्यवस्थापकीय कार्य

- एम्नेस्टी इन्टरनेसनलक अन्तर्राष्ट्रिय तथा राष्ट्रिय विधान, निर्देशिका, निर्वाचित निकायक निर्णय मोताबिक काज करब ।
- अपन अभियानमे राजनीतिक निष्पक्षता आ स्वतन्त्रता कायम करब ।
- निष्पक्ष, खुला आ स्वतन्त्र तवरसँ अभियानसभ सञ्चालन करब ।
- नियमित बैठक आ आवश्यकता अनुसार अन्य बैठक राखब ।
- प्रत्येक वर्ष वार्षिक साधारणसभा करब ।
- नेटवर्क वा समूहमे भेल आय-व्ययक पार दर्शी तवरसँ लेखा राखब आ ओकर ले खापरीक्षण कराएब ।
- आवश्यकता अनुसार विभिन्न काजसभक लेल विभिन्न संयोजकसभक नियुक्ति करब ।
- सदस्यसभकेँ एम्नेस्टी इन्टरनेसनल आ मानवअधिकारक बारेमे प्रशिक्षण देब ।
- आवश्यकता अनुसार अन्य व्यवस्थापकीय एवं कार्यालयीय काजसभ करब ।

## (ग) अर्थ-सङ्कलन

अभियान सञ्चालनक अभिन्न पक्ष अर्थ-सङ्कलन भेलाक कारण एम्नेस्टी इन्टरनेसनलमे आबद्ध स्थानीय नेटवर्क वा समूहक दोसर महत्त्वपूर्ण काज अर्थ-सङ्कलन छियैक । एम्नेस्टी




श्रीलङ्काके सरकारद्वारा मृत्युदण्ड पुनर्स्थापनाके विरोधमे एम्नेस्टी नेपालके सदस्यसबद्वारा प्रदर्शन ।



राइट फर राइट्स अभियान २०१८ मे मानवअधिकार दिवस (डिसेम्बर १०) के दिन युवा सदस्यसब जनमानसके मानवअधिकार अभियानमे संलग्न करबैत ।




१८ बैशाख २०७३, एम्नेस्टी इन्टरनेसनल नेपाल रू. एक लाखके तेज-तीर्थ राष्ट्रिय लोकतन्त्र–शान्ति पुरस्कार २०७३ द्वारा सम्मानित ।

इन्टरनेसनल नेपालमे आबद्ध भेनिहार कोनहु स्थानीय समूह वा नेटवर्ककेँ एम्नेस्टी इन्टरनेसनल नेपालसँ नियमित अनुदान प्राप्त नहि होइत छैक आ एम्नेस्टी इन्टरनेसनल ओहि तरहेँ नियमित अनुदान देनिहार डोनर एजेन्सी सेहो नहि छियैक । ताहीसँ स्थानीय नेटवर्क वा समूह सञ्चालनक लेल आवश्यक आर्थिक स्रोत जुटएबाक हेतु अर्थ-सङ्कलनक कार्यक्रमसभ करब एम्नेस्टी इन्टरनेसनल समूह आ यूथ नेटवर्कक दोसर महत्त्वपूर्ण काज छियैक ।



२७ असोज २०७४, पूर्व प्रधानन्यायाधीश श्री सुशीला कार्कीके एम्नेस्टी इन्टरनेसनल नेपालके मानार्थ सदस्यता प्रदान होइत ।




महिला मानव अधिकार रक्षकसबके समर्थनमे पाल्पामे आयोजित १३औं युथ मेलाके दौरानमे 'फोटो स्टन्ट' ।

प्रकाशक

एम्नेस्टी इन्टरनेसनल

एम्नेस्टी इन्टरनेसनल नेपाल शाखा
एम्नेस्टीमार्ग, वसन्तनगर, बालाजु
पो.ब.नं. १३५, काठमाडौं, नेपाल ।
फोन नं. ००९७७-१-४३६४७०६/४३६५४३१
फ्याक्स नं. ००९७७-१-४३५४९८७

info@amnestynepal.org
amnestynepal.org
amnesty.nepal
amnestynepal

**AMNESTY INTERNATIONAL**
**INTERNATIONAL SECRETARIAT**
Peter Benenson House
1 Easton Street
WC 1X 0DW, London
Phone: +44 20 74135500
Fax: +44 20 79561157
website: www.amnesty.org

मुद्रित : Dec 2019 (पौष २०७६) ६,००० प्रति